

Lèt pou lafanmi

Chè elèv ak fanmi elèv la,

Chapit 5 entwodwi relasyon lineyè - kote yon chanjman nan yon varyab gen kòm rezilta yon chanjman fiks nan yon lòt varyab. Nan klas la nou pral dekri sitiyaasyon, fè tablo done sou sitiyaasyon, fè chema ak done yo epi ekri ekwasyon lineyè ki dekri relasyon yo. Men yon egzanp sou yon kalite pwoblèm nou pral etidye. Wè si w ka rezoud nenpòt pati nan pwoblèm lan anvan nou kòmanse chapit la.

Twa konpayi telefòn gen to pou apèl long-distans :

Konpayi	To
Easy Access Company	1,00\$ pou premye minit lan; 25 santim ò pa minit apre sa
Call Home	20 santim ò pa minit
Metro Communication	3,00\$ pou premye minit lan ; 15 santim ò pa minit apre sa

Men kèk kesyon nou pral konsidere :

- Pou chak konpayi, kalkile kantite yon moun dwe pou apèl ki dire 5 minit, ki dire 15 minit, epi pou de (2) lòt kantite tan. Montre rezilta ou yo nan yon tablo.
- Èske gen nenpòt konpayi ki toujou pi bon afè a ? Si w di wi, kilès nan konpayi yo ? Si w di non, di ki lè ou ta itilize chak konpayi pou gen pi bon afè a.

Nou pral aprann kouman pou nou gade tablo oubyen règ aljèbrik pou nou ka predi ki ekwasyon ki gen chema ki liy dwat. Apre sa, dapre yon chema oubyen yon tablo, nap ka detèmine pant ak segman sou aks y yo.

Vokabilè Pandan kou yo, nou pral aprann nouvo tèms vokabilè sa yo :

koyefisyan	varyab	to
tèm konstan	vitès lineyè	pant
relasyon lineyè	pwopòsyonèl	vitès
segman sou aks y yo		

Kisa w ka fè lakay ?

Pandan semenn pwochèn yo, elèv ou an ka montre li enterese nan relasyon lineyè oubyen nan fason diferan ekwasyon lineyè parèt andeyò lekòl la. Nou ka pase yon bon moman ansanm ap itilize ekwasyon lineyè. Pa egzanp, nou ka itilize to peman diferan pa èdtan pou nou kalkile konbyen yo peye pou travay.